



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL BAY 55 MILYON DOLA NAN TOUT
ETA A POU AMELYORE SISTÈM KOMINIKASYON NAN KA IJANS YO**

***Yo bay sibvansyon pou chak konte ak Vil Nouyòk pou modènize pwen repons
sekirite piblik ak amelyore kapasite priz apèl ak repatisyon***

***45 milyon dola yo bay nan kad Pwogram Sibvansyon Fòmil Kominikasyon
Konpatib Eta a; 10 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon Pwen Repons Sekirite
Piblik la***

***Sibvansyon yo pèmèt konte yo amelyore teknoloji yo, achte nouvo ekipman ak
amelyore fòmasyon; Ankouraje devlopman teknoloji Next Generation 911***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral bay 55 milyon dola pou 57 konte ak Vil Nouyòk pou ranfòse sistèm repons ijans ak kominikasyon Eta a atravè de sibvansyon — yon sibvansyon 45 milyon dola anba Pwogram Sibvansyon Fòmil Kominikasyon Konpatib Eta a ak yon sibvansyon 10 milyon dola anba Pwogram Sibvansyon Pwen Repons Sekirite Piblik. Toude pwogram yo tonbe anba pwogram Sibvansyon Kominikasyon Konpatib nan Tout Eta a, ki bay ranbousman finansman pou konte ki elijib yo pou amelyore sistèm kominikasyon ijans yo, epitou pou bay finansman pou amelyore davantaj kapasite pou pran apèl ak fè repatisyon nan sekirite piblik. 55 milyon dola konbine yo prevwa amelyore pwen repons sekirite piblik ak sistèm kominikasyon Eta a. Finansman an pral ede konte yo pandan y ap achte nouvo ekipman, modènize teknoloji yo epi amelyore fòmasyon, epi yo pral ankouraje devlopman teknoloji Next Generation 911.

"Asire sekirite Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi yon sistèm repatisyon ijans fyab ki enpòtan anpil pou jwenn premye sekouris yo kote yo bezwen yo — rapid," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman adisyonèl sa a pral ranfòse kominikasyon ijans atravè Eta a, sa k ap ede konte yo amelyore teknoloji, amelyore fòmasyon ak ranfòse kapasite repons yo. Mwen rete angaje nan avanse efò sekirite piblik yo ane apre ane, asire chak kominote gen resous li bezwen ak merite."

Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Kominikasyon se kle pandan ijans epi sibvansyon sa yo pral ede kominote yo atravè Eta Nouyòk jwenn

fòmasyon epi kenbe ak amelyore sistèm yo. Pwofesyonèl ki pran apèl ijans yo ak voye sekouris yo se premye liy asistans, e nou vle ede asire yo gen zouti yo bezwen yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta Nouyòk yo, Stephen J. Acquario, te deklare, "Konte yo bat bravo pou Gouvènè Hochul paske l kontinye mete aksan priyorite li sou bay sibvansyon kominikasyon ijans 9-1-1 pou konte yo. Finansman sa a enpòtan anpil pou sistèm 911 ki baze nan konte a kapab envesti nan teknoloji modèn ak enfrastrikti pou asire rezidan nou yo gen aksè a sèvis ijans."

Sibvansyon Fòmil Kominikasyon Konpatib Eta a (Fòmil SICG) konsantre sou minimize twou vid ki genyen nan kominikasyon konpatib lè li aliye akizasyon teknoloji avèk itilizasyon operasyonèl li atravè premye sekouris yo, bay fondasyon ki nesèsè pou akonpli yon wo nivo konpatibilite.

Sibvansyon an pèmèt Eta a ranbouse depans ki elijib ki ede lokalite yo soutni ak amelyore sistèm ak eleman kominikasyon, fòmasyon ak egzèsis, ak estrikti gouvènans. Li sipòte tou òganizasyon sekirite piblik konte yo nan amelyore repons pou ijans, amelyore kapasite ak rezilta pèfòmans nan Plan Kominikasyon Nasyonal pou Ijans Depatman Sekirite Enteryè Etazini (Department of Homeland Security, DHS), amelyore pwosedi operasyon ak devlopman enfrastrikti, ak adrese direktiv SAFECOM ki soti nan Ajans DHS Pou Sibèsekirite ak Sekirite Enfrastrikti (Cybersecurity and Infrastructure Security Agency, CISA).

Prim sibvansyon Fòmil SICG yo anonse jodi a yo anba a:

Konte	Kantite Lajan ki te Akòde	Konte	Kantite Lajan ki te Akòde
Albany	\$1,175,916	Niagara	\$788,111
Allegany	\$736,507	Oneida	\$759,816
Broome	\$890,183	Onondaga	\$1,111,103
Cattaraugus	\$640,674	Ontario	\$577,913
Cayuga	\$705,292	Orange	\$869,382
Chautauqua	\$643,479	Orleans	\$501,156
Chemung	\$498,210	Oswego	\$794,392
Chenango	\$494,618	Otsego	\$715,946
Clinton	\$639,814	Putnam	\$422,645
Columbia	\$446,381	Rensselaer	\$730,577
Cortland	\$786,336	Rockland	\$758,386
Delaware	\$667,382	Saratoga	\$766,246
Dutchess	\$526,279	Schenectady	\$609,599
Erie	\$1,187,283	Schoharie	\$475,133
Essex	\$826,549	Schuyler	\$407,932
Franklin	\$653,016	Seneca	\$391,399
Fulton	\$488,828	St. Lawrence	\$798,892
Genesee	\$682,571	Steuben	\$748,369

Greene	\$456,547	Suffolk	\$893,700
Hamilton	\$561,551	Sullivan	\$637,453
Herkimer	\$670,415	Tioga	\$410,016
Jefferson	\$739,206	Tompkins	\$627,501
Lewis	\$665,538	Ulster	\$552,845
Livingston	\$609,127	Warren	\$492,667
Madison	\$720,342	Washington	\$773,600
Monroe	\$1,420,159	Wayne	\$484,283
Montgomery	\$407,620	Westchester	\$646,033
Nassau	\$887,854	Wyoming	\$443,244
New York City	\$6,615,112	Yates	\$368,872

Sibvansyon pou Operasyon Sant Apèl Sekirite Piblik (PSAP) la pa konpetitif epi li bay lajan atravè yon fòmil ki distribye finansman bay moun k ap resevwa rekonpans yo baze sou plizyè kritè diferan, tankou dimansyon operasyonèl, eleman demografik, mezi apèl sèvis ijans, deplwaman nouvo teknoloji, ak konfòmite ak direktiv eta ak nasyonal pou komunikasyon ijans.

Sibvansyon an sipòte operasyon ki deja egziste pou yon benefisyè epi ankouraje devlopman teknoloji Next Generation 911 (NG911) ak done Sistèm Enfòmasyon Jeyografik (Geographic Information System, GIS) ki nesesè pou NG911. Sibvansyon PSAP la ankouraje tou devlopman efikasite operasyon ak pwosedi ak kolaborasyon jeneral ant diferan jiridiksyon, tankou lòt konte ak ajans eta a yo.

Prim sibvasyon PSAP yo anonse jodi a yo anba a:

Konte	Kantite Lajan ki te Akòde	Konte	Kantite Lajan ki te Akòde
Albany	\$235,855	Niagara	\$182,545
Allegany	\$127,563	Oneida	\$205,204
Broome	\$221,995	Onondaga	\$202,864
Cattaraugus	\$156,861	Ontario	\$213,167
Cayuga	\$213,957	Orange	\$151,513
Chautauqua	\$167,574	Orleans	\$104,727
Chemung	\$213,276	Oswego	\$181,122
Chenango	\$165,794	Otsego	\$173,737
Clinton	\$150,227	Putnam	\$108,883
Columbia	\$159,118	Rensselaer	\$186,187
Cortland	\$194,635	Rockland	\$176,964
Delaware	\$165,193	Saratoga	\$118,926
Dutchess	\$154,993	Schenectady	\$175,333
Erie	\$202,408	Schoharie	\$114,623
Essex	\$223,942	Schuyler	\$183,578

Franklin	\$152,412	Seneca	\$160,865
Fulton	\$159,119	St. Lawrence	\$209,055
Genesee	\$211,687	Steuben	\$175,667
Greene	\$143,466	Suffolk	\$189,488
Hamilton	\$163,770	Sullivan	\$155,955
Herkimer	\$199,901	Tioga	\$109,805
Jefferson	\$188,735	Tompkins	\$136,192
Lewis	\$229,558	Ulster	\$151,993
Livingston	\$168,455	Warren	\$165,940
Madison	\$153,681	Washington	\$147,298
Monroe	\$229,967	Wayne	\$180,950
Montgomery	\$178,052	Westchester	\$156,766
Nassau	\$126,372	Wyoming	\$116,975
New York City	\$205,078	Yates	\$200,034

Tou de pwogram sibvansyon SICG-Formula ak PSAP yo sipòte dirèkteman kapasite repons ijans lokal yo epi ankouraje konpatibilite pou ajans sekirite piblik yo nan tout eta a.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak sipò pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X, ke yo te rele Twitter, oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)